

BAB I BUBUKA

1.1 KASANG TUKANG MASALAH

Nengetan rumaja jaman kiwari, katiténna mah leuwih resep kenéh maca *SMS*, *BBM*, *Chatting* jeung sajeroning *jejaring sosial* batan maca novél. Padahal, batan maca jejaring sosial leuwih mangpaat kénéh maca novél. Dina novél aya unsur-unsur anu miboga mangpaat pikeun nu macana. Mangpaat novél lain ngan saukur ditilik tina aspék hiburan wungkul tapi ogé bisa ditilik tina amanah nu nyangkaruk di jerona.

Novél mangrupa salasihiji karya sastra anu eusina nyaritakeun gambaran kahirupan manusa nu sipatna *fiksi* atawa rékaan. Sanajan sipatna *fiksi* tapi dina novél mah eusina lir enya-nya kajadian. Kajadian-kajadian nu aya dina novél digambarkeun sakumaha nu aya dina kahirupan sapopoé. Ku kituna, dina novél loba hal nu bisa dijadikeun pieunteungeun keur urang dina ngalakonan kahirupan. Dina novél aya amanah nu mangrupa papatah atawa pieunteungeun pikeun urang kumaha balukarna lamun urang milampah kahadéan pon kitu deui kumaha balukarna lamun urang milampah kagoréngan.

Lamun ditilik tina kahirupan manusa jaman baheula, karya sastra sok dikaitkeun jeung kahirupan sosial manusa dina adat jeung istiadatna, tapi jaman kiwari mah, kalungguhan sastra téh beuki dieu beuki kurang, lantaran geus béda situasi jeung geus kapangaruhan ku jaman. Jaman kiwari lolobana jalma-jalma téh leuwih resep kana macana wungkul, tanpa ngarasakeun kaéndahan, maham jeung neleuman kana eusi éta tulisan.

Sangkan bisa ngarasakeun kaéndahan karya sastra, pamaca lain ngan saukur maca wungkul, tapi kudu bisa ogé neleuman eusi éta karya sastra sangkan bisa maham kana naon anu ditepikeun dina éta karya sastra. Hal kasebut bisa dilakonan ku cara nganalisis struktur nu aya dina karya sastra kasebut.

Sastra bisa dianggap salasihiji gejala sosial, ku kituna sastra ditulis dina kurun waktu anu tangtu aya pakaitna jeung norma-norma kahirupan adat istiadat

hirup manusa anu tumuwuh dina éta jaman (Koswara, 2011, kc. 10). Ieu hal ampir sarua jeung anu diungkapkeun ku Warton (Koswara, 2011, kc. 10) yén sastra téh gudang adat istiadat jeung mangrupa buku sumber sajarah tina peradaban. Lamun dipatalikeun jeung budaya Sunda, budaya Sunda taya lian ti lingkungan sosial jeung kabudayaan anu miboga norma-norma jeung ajén-inajén séké sélér bangsa Sunda (Isnendés, 2010, kc. 24).

Hiji karya sastra bisa mangaruhan kana gumelarna karya sastra séjénna. Damono (dina Koswara, 2011, kc.10), netelakeun yén karya sastra téh diciptakeun ku sastrawan pikeun bisa dirarasakeun kaéndahanana, dipaham, jeung bisa dimangpaatkeun ku masarakat. Ku kituna nu maca karya sastra sangkan bisa maham jeung bisa nyangkem kana eusi karya sastra, tangtu sacara langsung kudu bisa ngajén kana éta karya sastra. Ieu hal mangrupa salasahiji tarékah sangkan bisa nyangkem jeung maham dumasar kana tinimbang segi kamasarakatanana.

Sangkan bisa nyangkem jeung maham kana karya sastra, salahijina nya éta ngagunakeun téori sastra ku cara dianalisis. Dina téori sastra pikeun nganalisis hiji karya anu bisa digunakeun dina nganalisis nya éta ngagunakeun téori struktural. Di handap ieu aya Pradopo (Riyadi, 2013, kc. 1) ngutip tina pamadegan Pradopo ngeunaan téori struktural,

Satu konsep dasar yang menjadi ciri khas teori structural adalah adanya anggapan bahwa di dalam dirinya sendiri karya sastra merupakan suatu struktur yang otonom yang dapat dipahami sebagai satu kesatuan yang bulat dengan unsur-unsur pembangunnya yang saling berjalina. Oleh karena itu untuk memahami maknanya, karya sastra dikaji berdasarkan strukturnya sendiri, lepas dari latar belakang sejarah, lepas dari diri dan niat penulis, dan lepas pula efeknya dari pembaca (Jabrohim, 2012:69).

Novél nya éta wangun karya sastra rékaan, najan rékaan tapi panulis ditungtung pikeun bisa méré kesan nu enya pikeun nu maca, sangkan nu maca percaya lir siga nu enya éta kajadian tur ukuran jalan caritana panjang teu singget siga carpon. Jalan caritana ogé loba sarta aya sabaraha kajadian nau silih sinambung jeung kahirupan anu nyatana.

Novél bisa jadi salasihiji pikeun bahan pangajaran, ieu hal luyu jeung KI-KD pangajaran basa Sunda kelas XI dina pangajaran maca novél. Novél *Rasiah nu Goréng Patut* karya Djuhana bisa dijadikeun bahan pikeun pangajaran basa Sunda. Sabab ditilik tina tingkatan émosionalna éta novél luyu jeung tingkatan pikeun SMA sarta loba ajén-inajén anu bisa dipaké conto pikeun kahirupan. Sangkan novél *Rasiah nu Goréng Patut* bisa dijadikeun bahan pangajaran, tangtu kudu aya panalungtikan kana éta novél ku cara dianalisis heula. Nganalisis karya sastra bisa ku sababaraha cara tapi, panalungtik nganalisis novél *Rasiah nu Goréng Patut* ieu ku cara analisis strukturalna.

Tina sawatara skripsi anu geus dibaca, aya sawatara skripsi anu medar ngeunan nganalisis struktural novél, diantaranya ku Muhamad Yogi Hamdani dina judul skripsi “*Analisis Struktural Novél Tri Tangtu di Bumi Karya Yoséph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca kelas XI*”, ku Elsyé Priandini Riyadi dina judul skripsi “*Analisis Struktural jeung Sémiotik dina Novél Sudagar Batik Karangén Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA*”, ku Jajat Jatirasa dina judul skripsi Analisis “*Ajén Moral dina Novél Payung Butut Karya Ahmad Bakri*”.

Tina sababaraha panalungtikan anu di luhur, sok sanajan sarua panalungtikanna ngeunan analisis struktural novél, tapi béda dina ulikanana. Kulantaran kitu, ieu skripsi nu miboga judul “*Analisis Struktural Novél Rasiah nu Goréng Patut karya Djuhana pikeun Pangajaran Maca Novél di Kelas XI*” penting ditalungtik pikeun dijadikeun salasihiji bahan pangajaran maca novél di kelas XI.

1.2 WATESAN JEUNG RUMUSAN MASALAH

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah, ieu panalungtikan leuwih kana ulikan unsur intrinsikna lantaran nganalisis struktural dina novél, sakumaha anu geus disebutkeun dina kasang tukang, nepi ka kiwari para ahli can bisa méré wangenan nu merenah kana karya sastra. Ieu panalungtik museurkeun nganalisis kana struktural novél luyu jeung téori Stanton (dina Koswara, 2012, kc. 20), diantaranya ngawengku 1) téma jeung masalah, 2) fakta carita, jeung 3) sarana carita anu aya

dina novél *Rasiah nu Goréng Patut*, sarta bisa dijadikeun henteuna pikeun bahan pangajaran maca novél di kelas XI.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah anu geus dipedar di luhur, ieu panalungtikan téh tangtu aya sababaraha masalah anu baris dipedar dina wangun patalékan ieu di handap.

1. Kumaha hasil analisis novél *Rasiah nu Goréng Patut* (téma, galur, palaku, latar, gaya basa, jeung manat) ?
2. Kumaha larapna hasil ieu panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca novél di kelas XI?

1.3 TUJUAN PANALUNGTIKAN

Luyu jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngajéntrékeun:

1. Analisis struktural novél *Rasiah nu Goréng Patut* (téma, galur, palaku, latar, gaya basa, jeung amanat)
2. cara ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca novél di kelas XI.

1.4 MANGPAAT PANALUNGTIKAN

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngahasilkeun mangpaat pikeun nambahan pangaweruh dina ngaapprésiasi karya sastra, hususna dina analisis struktural.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, panalungtikan ieu miboga mangpaat pikeun:

1. nambahan pangaweruh ngeunaan karya sastra Sunda, hususna dina novél *Rasiah nu Goréng Patut*, jeung
2. nambahan bahan pangajaran sastra Sunda di kelas XI hususna dina maca novél.

1.5 RARAGA TULISAN

Bab I, dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II, dina ieu bab dipedar ngeunaan téori-téori anu aya patalina jeung novél, analisis struktural, bahan pangajaran maca novél.

Bab III, dina ieu bab dipedar ngeunaan métodelogi panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, sumber data, jeung wangenan operasional.

Bab IV, dina ieu bab dipedar ngeunaan analisis data jeung bahasan hasil tina panalungtikan.

Bab V, dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan jeung saran.

